

## **BAB V**

### **KACINDEKAN JEUNG SARAN**

#### **5.1 Kacindekan**

Dumasar kana hasil panalungtikan jeung pedaran dina bab saméméhna, bisa dicindekkeun hal-hal saperti ieu di handap.

1. Kamampuh ngaregepkeun sora basa siswa kelas 1 SDIT Ibnu Taimiyah saméméh ngagunakeun média CD multimédia interaktif hasilna masih kurang nyugemakeun. Hal éta bisa dibuktikeun tina skor hasil prétést nu nuduhkeun yén siswa nu dianggap geus mampuh ngaregepkeun sora vokal aya 23 urang siswa atawa 6,9% ti 30 urang jumlah siswa, kalayan peunteun rata-rata 10.
2. Kamampuh ngaregepkeun sora basa siswa kelas 1 SDIT Ibnu Taimiyah sanggeus ngagunakeun média CD multimédia interaktif hasilna nyugemakeun. Hal éta bisa katingali tina skor hasil possttést nu nuduhkeun yén siswa nu geus mampuh ngaregepkeun sora vokal ngaronjat jadi 24 urang siswa atawa 7,2% ti 30 urang jumlah siswa, kalayan peunteun rata-rata 13,8.

3. Aya béda anu signifikan antara hasil prétést atawa kamampuh ngaregepkeun sora vokal saméméh ngagunakeun média pembelajaran CD multimédia interaktif jeung hasil possttést atawa kamampuh ngaregepkeun sora vokal sabada ngagunakeun média pembelajaran CD multimédia interaktif. Bukti ayana béda anu signifikan nya éta tina hasil uji hipotésis anu nuduhkeun yén hasil uji t itung (9,71) leuwih gedé batan t tabel (2,46).

Hartina, yén H1 (hipotésis kerja) ditarima nya éta " Aya béda anu signifikan antara hasil pretést siswa kelas 1 SDIT Ibnu Taimiyah saméméh ngagunakeun média pembelajaran CD multimédia interaktif jeung hasil prossttést siswa sabada ngagunakeun média pembelajaran CD multimédia interaktif kana kamampuh ngaregepkeun."

## 5.2 Saran

1. Salianti ngagunakeun média pembelajaran nu geus aya ti heula, guru jeung siswa bisa ogé ngagunakeun média CD multimédia interaktif dina prosés diajar ngajar ngaregepkeun sora basa.
2. Dina ngagunakeun média pembelajaran CD interaktif ieu dipiharep murid ngabogaan kamampuh awal dina ngagunakeun média komputer.
3. Ieu panalungtikan ngeunaan média pembelajaran CD interaktif téh ngan saukur gurat badagna tina pasualan nu kapanggih di lapangan. Panalungtikan anu leuwih jero jeung gemet perlu dilakukeun deui kahareupna.

